



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO KANPAY TOURIS AK REFÒM KONTWÒL NAN KONFERANS NEW YORK SOU PREMYE DIVEN, BYÈ AK ALKÒL FÒ

Aksyon Gouvènè a Pral Ede Redui Depans Biznis ak Ogmante Aktivite Ekonomik pou Endistri a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te òganize Konferans New York sou premye Diven, Byè ak Detèminasyon kote li te anonse plan pou yon nouvo kanpay maketing pou sipòte lavant diven, byè, sid, ak alkòl fò ak touris, ansanm ak yon seri refòm kontwòl k ap fè gwo rediksyon nan depans biznis yo pou pwodiktè bwason yo.

Nan Konferans sou Diven, Byè ak Alkòl Fò, anpil douzèn pwodiktè byè, diven, sid ak alkòl fò te patisipe, ansanm avèk kiltivatè, ofisyèl endistri, ak espè nan domèn touris, ki te diskite avèk ofisyèl ajans eta ak manm Kabinè Gouvènè a sou pwoblèm lejislatif ak kontwòl espesifik endistri byè ak diven genyen. Patisipan yo te analize nouvo fason pou eta a travay kòm patnè pou fè pozisyon New York vin fò kòm yon sant prensipal pou pwodiksyon byè, diven, ak alkòl fò ak touris.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nan dènye 22 mwa yo, administrasyon mwen te konsantre sou fason pou louvri pòt New York pou biznis epi pou amelyore klima biznis nou pou sipòte kwasans endistri pou nou kapab kreye anpil djòb ak devlope ekonomi an. Endistri dinamik byè, diven ak alkòl fò New York sipòte anpil milye djòb nan eta a, epi li se yon gwo motè touris nan anpil kominote. Diskisyon enpòtan an te fèt nan konferans lan, epi refòm kle ki te sòti nan diskisyon an ap kontinye travay ou kòm yon gouvènman ki gen lespri antrepriz pou asosye avèk sektè prive a pou ede endistri kle yo devlope ak pwogrese.”

New York se kay pou plis pase 450 antrepriz pwodiksyon diven, brasri, distilri ak antrepriz pwodiksyon sid, ak anpil lòt nouvo biznis ki louvri chak ane. Pwodiktè diven, byè, alkòl fò ak sid konte pou plis pase \$22 milya dola nan revni total chak ane nan eta a, epi yo sipòte anpil dizèn milye djòb nan eta a. Eta a klase kòm twazyèm nan nasyon an nan pwodiksyon diven ak rezen, li gen pifò nan dezyèm distilri yo, epi twa (3) nan 20 brasè pwodiksyon prensipal Ozetazini nan New York.

Endistri agrikilti eta a – depi nan pwodiktè oublon, plantè òj, pou rive nan vinyòb - jwe yon wòl enpòtan nan pwodiksyon danre ki nesèsè pou kreye byè, diven ak alkòl fò isit la nan Eta New York. Investisman

nan fason ak finansman fason pou sipòte endistri bwason an bay avantaj non sèlman pou pwodiktè diven, byè ak alkòl fò, men tou pou kiltivatè ak pwodiktè ekipman nan eta a.

Aprè Gouvènè a fin koute yon prezantasyon dirijan biznis, agrikilti ak kominote yo, li te fè premye anons sa yo pou prepare etap espesifik gouvènman eta a kapab fè kounye a pou amelyore maketing endistri a epi pou redui règleman ki lakòz anpil depans yo.

Pwomosyon ak Touris

Nan Konferans lan, dirijan biznis ak endistri te idantifye yon nesosite pou Eta New York ranfòse efò pwomosyon ak touris ki vize pwodiktè bwason yo. Pou kounye a, New York rete dèyè lòt eta nan kanpay pwomosyon ki vize sitou pou ogmante touris ak pou fè pwomosyon pou diven, byè ak alkòl fò yo pwodui nan eta a.

Pou rezoud pwoblèm sa a, Gouvènè Cuomo ap fè yon kanpay pwomosyon ak maketing k ap gen ladan:

- Eta a ap bay \$1 milyon dola pou yon nouvo kanpay piblisite pou ankouraje endistri a. Eta a ap ogmante finansman – ki jwenn yon ekivalan pou endistri a – a apeprè \$2 milyon dola, pou mete kanpay maketing total la a \$5 milyon dola.
- Pou ede pwodiktè diven, byè ak alkòl fò New York antre nan mache prensipal yo, tankou restoran Vil New York, Gouvènè a te anonse yon gwoup travay ki gen Sekretè pou Gouvènè a, Larry Schwartz, alatèt li. L ap kowòdone evènman maketing anyèl espesyalize – ki sanble avèk Semèn Restoran ak salon komèsyal – ki asosye avèk restoran ak otèl ki nan eta a avèk pwodiktè ki pwodui diven, byè, alkòl fò ak manje nan New York.
- Eta a ap travay yon fason dinamik pou jwenn nouvo fason pou sipòte byè, diven, alkòl fò ak sid yo pwodui nan New York nan Fwa anyèl Eta a.
- Eta a ap analize tou fason pou asire bwason abaz alkòl yo vann nan chemen New York Racing Association pwodui nan New York.

Pwen Kontak Senp avèk Gouvènman an

Pwodiktè ak vandè byè, diven, ak alkòl fò angwo te fè konnen enkyetid yo nan Konferans lan sou kantite diferan ajans eta a yo dwe fonksyone avèk yo, non sèlman pou fè biznis, men tou pou rete an konfòmite. Biznis sa yo, anpil ladan yo te ti biznis, epi yo pa pran avoka atanplen, yo pa konnen avèk ki ajans yo dwe fonksyone pou yon pwoblèm patikilye, epi poutèt sa yo kapab gen pou peye amann san rezon lè yo te ka evite sa.

Pou rezoud pwoblèm sa a, Gouvènè a te anonse y ap kreye yon sèvis konplè nan Empire State Development, yon fason pou endistri a gen yon sèl pwen kontak epi pou rele nan telefòn pou jwenn tout èd. Anplwaye ki deziyen nan ajans ki konsène nan kontwòl manifakti ak moun ki gen lisans, tankou State Liquor Authority (Otorite Alkòl Eta a), Department of Agriculture & Markets (Depatman Agrikilti ak Mache), Tax and Finance Department (Depatman Taks ak Finans), Labor Department (Depatman

Travay), Department of Energy Conservation (Depatman Konsèvasyon Enèji), Health Department (Depatman Sante), ak Transportation Department (Depatman Transpò) ta kowòdone avèk yon sèl sèvis la pou bay repons pou demann ransèyman, òganize pwogram edikatif ak fòmasyon, epitou rezoud pwoblèm pou moun ki gen lisans yo.

Refòm nan Kontwòl

Menmsi eta a te fè yon seri refòm kontwòl pou redui fado biznis yo genyen, tankou pwodiktè byè, diven ak alkòl fò, diskisyon ant moun ki te patisipe nan Konferans lan te montre aksyon siplemantè yo te kapab fè pou ede endistri a devlope, pandan y ap konsève pwoteksyon enpòtan yo anplas. Gouvènè a te anonse refòm kontwòl ki anba la yo. Y ap mete pifò ladan yo annaplikasyon imedyatman:

- Yon pwon final nan entèdiksyon kont plizyè lisans manifakti ki nan menm kote a: Dapre règleman ki la deja, pwodiktè plizyè kalite bwason abaz alkòl dwe gen lisans apa ak lokal apa pou chak kalite bwason, epi avèk eksepsyon antrepriz pwodiksyon diven ak distilri atizanal, manifakti plizyè bwason pa kapab nan menm bilding. Gouvènè Cuomo rekonèt gwo fado siplemantè sa ta mete, pa egzanzp sou ti brasri yo ki te vle fè wiski tou - tankou konstwiksyon yon bilding apa okonplè. Poutèt sa, Gouvènè a te mande SLA pou elimine entèdiksyon sa a, epi pou pèmèt menm manifakti a gen plizyè lisans nan menm kote a, oswa plizyè manifakti pou gen lisans nan menm kote a.
- Kite manifakti atizanal yo vann boutèy yo lè yo ap eseye gou: Dapre lwa ki la deja, distilatè atizanal yo, distilri atizanal yo, antrepriz pwodiksyon diven yo, pwodiktè sid yo, ak brasè atizanal yo kapab vann bwason abaz alkòl yo pwodui avèk engredyan Eta New York nan fwa konte a ak nan mache kiltivatè yo. Alòske kèk nan manifakti sa yo kapab vann boutèy tou nan Fwa Eta a ak nan sèten eseyaj gou, gen yon kantite lòt evènman, tankou fwa nan lari ak evènman charite kote pwodiktè yo kapab bay echantiyon, men yo pa kapab vann bwason yo an boutèy. Pou rezoud pwoblèm sa a, epi pou bay manifakti yo nouvo posiblite pou vann pwodui yo ba konsomatè yo, Gouvènè a te anonse pwodiktè SLA yo pral vann “an boutèy” nan evènman kote yo gen pèmisyon nan moman an pou fè eseyaj gou.
- Kite pwodiktè byè ak sid jwenn pèmi pwovizwa nan evènman/fwa lari espesyal: Pwodiktè New York yo kalifye pou yon jou, pèmi evènman espesyal pou lavant, “nan vè,” byè ak diven nan evènman tankou yon fwa nan lari. Pèmi sa yo disponib sèlman pou moun oswa òganizasyon ki pa gen lisans k ap òganize yon evènman, epitou pou moun ki gen lisans detayan. Vrè pwodiktè yo, tankou brasè yo, pa kalifye pou pèmi sa yo paske anjeneral lalwa anpeche manifakti yo vann dirèkteman ba konsomatè yo. Alòske pwojè-lwa Gouvènè a te siyen ane sa a te pèmèt ti antrepriz pwodiksyon diven yo jwenn pèmi a pou nenpòt evènman espesyal, lòt pwodiktè yo pa t kapab jwenn menm avantaj yo. Jodi a, Gouvènè a te anonse SLA pral ogmante gid kalifikasyon yon fason pou brasè atizanal yo ak pwodiktè sid yo ap kapab fè yon sèl avèk brasri atizanal yo nan vann machandiz yo nan fwa lari, evènman charitab ak lòt evènman popilè.
- Diminye frè pou pèmi maketing manifakti yo: Sou desizyon Gouvènè a, SLA ap redui frè pou lisans manifakti twazan li a ki te \$750 dola epi k ap vin \$125 dola chak ane.

- Redui kondisyon pou aplikasyon pou lisans pou manifakti yo: Pou kounye a, kantite dokiman pwodiktè yo dwe soumèt pandan pwosesis aplikasyon an kapab yon gwo fado sou biznis yo. Sou enstriksyon Gouvènè a, SLA pral anile soumisyon sèten dokiman ki pa enpòtan pou aplikasyon yon manifakti, tankou dyagram detaye; plizyè etadkont labank, ak enfòmasyon ki deja nan dosye.

- Elimine Lisans Doub pou Distilri ak Brasri yo: Pou kounye a, distilri agrikòl yo ak brasri agrikòl yo dwe jwenn yon pèmi nan Depatman Agrikilti ak Mache anplis yon lisans SLA, ki koute yon lòt \$400. Eta a deja bay egzanpsyon pou distilri atizanal yo nan egzijans lisans sa a, epi Gouvènè a te anonse jodi a tout brasri atizanal yo ap jwenn egzanpsyon an tou.

Yon gwoup travay ki gen Sekretè a alatèt li pou Gouvènè a, Larry Schwartz, ap fòme pou kontinye revize règleman SLA yo.

Pwoblèm Komèsyal

Pandan Konferans lan, reprezantan endistri yo te dekri kijan dwa ladwàn kanadyen yo te gen yon konsekans negatif sou diven yon pwodui nan New York. Gouvènè a te anonse eta a ap fòme yon gwoup travay pou ede jwenn solisyon yo.

Wout Bwason yo

Gen plizyè limit federal ak limit obligatwa pou fè chanjman nan wout byè ak diven menm jan ak règ federal sevè sou kèk pano siyalizasyon wout. Gouvènè a te anonse eta a pral kreye yon gwoup travay pou kreye nouvo wout, ki sanble avèk Cooperstown Beverage Trail.

Salon Komèsyal Entènasyonal

Gouvènè a te anonse yon gwoup travay ki gen Sekretè alatèt li pou Gouvènè a, Larry Schwartz, ki pral travay pou prezante byè, diven, sid ak alkòl fò Eta New York nan salon komès entènasyonal.

Konferans lan swiv sa ki te deja yon banyè ane a pou endistri byè ak diven Eta New York. Nan mwa jiyè, Gouvènè a te siyen yon pwojè-lwa ki deziyen pou sipòte brasri ak antrepriz pwodiksyon diven yo nan New York, ogmante demann pou pwodui agrikòl lokal yo, epi ogmante devlopman ekonomik ak touris ki asosye avèk endistri a. Nouvo lwa yo te pwoteje yon avantaj fiskal enpòtan pou ti brasri ki pwodui byè nan New York, te egzante brasri ki pwodui ti kantite byè (kèlkeswa kote yo ye) pou yo pa peye yon frè Otorizasyon Eta a chak ane pou vann alkòl, epitou te kreye yon lisans Brasri Atizanal k ap pèmèt brasè atizanal yo agrandi operasyon yo nou louvri restoran oswa nan vann nouvo pwodui.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418